



Depatman Reglemantè ak Resous Ekonomik
Seksyon Afè Komèsyal
Biwo pou Pwoteksyon Konsomatè
601 NW 1st Court, 18^{tyèm} Etaj
Miami, Florid 33136-3446
Tel (786) 469-2333 Faks (786) 469-2303
miamidade.gov

DEKLARASYON DWA KONSOMATÈ SOU KOZE “REMETERING”

Yo pèmèt “Water remetering” (enstalasyon kontè endividyèl) nan Konte Miami-Dade. Entansyon pwogram sa-a se pou konsève dlo, ede mèt pwopriyete yo detekte ak korije fwit dlo yo jis atan, epi asire ke yo pa enjisteman peye dlo zòt sèvi avèk.

Òdonans 96-137 Konte Miami-Dade pèmèt pwopriyete konndominyòm yo, bilding apatman yo, konplèks komèsyal yo, pak kay mobil yo, elatriye enstale yon kontè nan chak kay endividyèlman. Kidonk alafen, w peye pou konsomasyon sèvis dlo pa w anplis lwaye mansyèl w oswa frè antretyen yo.

Dapre reglemantasyon yo men yon rezime dwa w yo ak responsabilite w yo:


Bòdwo yo an Jeneral:

Bòdwo w la gen dwa kouvri dlo ak egou ki desèvi andedan kay pa w la, jan kontè dlo kay w an mezi li. Konsomasyon dlo ak egou nan zòn piblik yo ak lokal piblik yo tankou pisin kominotè yo se responsabilite mèt pwopriyete an. Mèt pwopriyete an pa kapab dekonekte sèvis dlo w la epi li pa kapab ba w yon fakti pou itilizasyon sèvis dlo ansyen moun ki te abite kay la.

Sa ki dwe parèt sou bòdwo w la:

Se pou tout enfòmasyon sa yo parèt sou bòdwo w la:

1. Dat la ak lekti kontè an pou peryòd bòdwo an kouvri.
2. Ansyen lekti yo ak aktyèl lekti kontè an.
3. Kantite galon oswa CCF dlo an total bòdwo a kouvri.
4. Frè ki kalkile pou kantite dlo an galon oswa ccf bòdwo a kouvri.
5. Montan an total ki dwe peye pou sèvis dlo itilize an epi taks ki aplikab yo.
6. Non ak adrès rezidan ke yap sèvi bòdwo an.
7. Non konpayi ki ba w bòdwo an epi adrès ak nimewo telefòn moun ki se kontak la si w bezwen rele pou kèk dispit apwopo bòdwo an.
8. Dat limit pou peye bòdwo an.
9. Non, adrès, ak nimewo telefòn moun pou w peye an.



10. Si se evalye yo evalye bòdwo w la, se pou li ekri sa sou li ke se evalye yo evalye li.

11. Nimewo telefòn Depatman Reglemantè ak Resous Ekonomik (RER) Miami-Dade. (786) 469-2333, ak yon nòt ekri sou li ki endike ke yo mèt kontakte RER si gen yon pwoblèm pou rezoud yon dispit ak yon pwopriyetè kay oswa ak moun ki enstale kontè endividyèl la (remeterer).

Dat Peman Bòdwo:

Yo fèt pou ba w omwens 15 jou pou peye bòdwo w la. Si dat limit w an tonbe nan yon jou ferye oswa nan wikenn, w fèt pou peye nan pwochen jou douvèti ki vin apre dat limit w an.

Frè Peman An Reta:

Si w peye bòdwo w la an reta, yo gen dwa ba w yon fakti pou yon frè diplis pou reta-a ki pa gen dwa plis pase 10 pousan total bòdwo an. Se pou yo ekri sa sou bòdwo w la.

Frè Adisyonèl sou Bòdwo w la:

Yo pa gen dwa ba w yon fakti pou lòt frè ke pou sèvis dlo, egou, ak taks aplikab yo, epi ak frè peman an reta yo depi sa ekri sou bòdwo an.

Dispit yo:

Si genyen yon dispit konsènan bòdwo w la oswa sèvis dlo w la, se pou w enfòme pwopriyetè kay la alekri, ak rezon espesifik pou dispit la. Yo egzije aske pwopriyetè kay la envestige sa san pèdi tan epi rapòte rezilta yo ba w nan lespas 30 jou.

Faktirasyon twò wo oswa twò ba:

Si yo wè ke bòdwo w la an erè, yo va emèt yon bòdwo korije epi se pou pwopriyetè kay la oswa moun ki ba w kontè endividyèl la (remeterer) ajiste bòdwo w la. Si faktirasyon an te twò ba, yo gen dwa voye yon bòdwo ba w pou montan ki pat sou fakti an pou yon peryòd ki pa dwe depase sis (6) mwa. Si faktirasyon an te twò ba sou bòdwo an de \$25 ou plis, se pou pwopriyetè kay la ofri w yon aranjman pou peman pou menm kantite tan ke faktirasyon ki te twò ba-a.

Tès:

Si w panse ke kontè w la pa mache byen, sou yon demann alekri rezonab w, se pou pwopriyetè kay la teste presizyon kontè endividyèl w an (submeter). Si w vle w gen dwa temwen tès la oswa voye yon reprezantan w. Se pou yo fè tès la pandan lè douvèti nòmal biznis (nòmalman, lendi a vandredi ant 8:00 AM a 5:00 PM). Si tès kontè an demontre ke kontè w la presi, yo gen dwa voye yon bòdwo ba w a yon pri rezonab pou tès la ak pou plonbri. Si kontè w la pap mache byen, yo pap ba w okenn fakti pou tès la.

Rejis yo:

Yo egzije aske pwopriyetè kay w an kenbe rejis sa yo pou 12 mwa:

- 1) Bòdwo de WASD an;
- 2) Kalkilasyon pou bòdwo an;
- 3) Tout lekti kontè an, bòdwo rezidan yo ak rezilta tès kontè pou chak kay endividyèlman.

**YON KOPI ÒDONANS 96-137 SOU « WATER REMETERING » LA DISPONIB SOU:
<http://www.miamidade.gov/licenses/water-remetering.asp>**

**POU JWENN ÈD AK/OSWA SOLISYON YON PLENT RELE DEPATMAN REGLEMANTÈ AK
RESOUS EKONOMIK MIAMI-DADE NAN (786) 469-2333**